



# THOMAS A. EDISON MIDDLE SCHOOL

CENTRAL SIX

75 William Street  
West Orange, NJ - 07052-2829  
973-669-5360 - FAX 973-243-9802  
[www.woboe.org](http://www.woboe.org)

Xavier M. Fitzgerald  
Direktè

Steven Melendez  
Asistan Direktè

Janvye, 2017

Chè Paran / Gadyen Legal (yo):

Nan Lekòl “Edison Central Six Middle School” la, nou kwè ke paran yo se yon patnè empòtan nan edikasyon pitit yo. Se poutèt sa konferans Paran / Pwofesè yo jwe yon wòl entegral nan patenarya sa a kote ke pwofesè bay fidbak(rapò) sou pwogrè elèv la, epi paran ak pwofesè yo ap travay ansanm pou fòmile plan endividiyèl yo pou siksè elèv la.

Nan jou kap 13, 14 ak 15 fevriye 2017, Lekòl Edison Central Six la ap òganize Konferans Paran / Pwofesè yo nan entèval 12:40 pm pou 3:23 pm

Paran / gadyen legal yo ap gen aksè pou planifye pwòp konferans pwofesè endividiyèl yo avèk utilizasyon **Pick-A-Time, ki se yon sistèm randevou ke w pran sou entènèt**. Ou ka jwenn Pick-A-Time atravè sit entènèt Lekòl “Edison Middle School” nan <http://www.woboe.org/Domain/15>, nan nenpòt òdinatè ki gen aksè entènèt. Yon fwa ou rantre sou prensipal Paj Lekòl Edison lan, ou pral klike sou lyen ki di **“Parent Teacher Conference Sign In”**.

Ou ka kmanse pran randevou’w pou konferans la nan jou kap, 27 janvye 2017 a 8:00 tè nan maten. Lyen (lenk) pou sistèm Pick-A-Time la ap rete disponib jouk 9 Fevriye 2017 jiska 3:00 zè nan apre midi.

Tout enstriksyon pou planifye orè pou konferans yo avèk utilizasyon Pick-A-Time la dekri nan lòt paj-la. Tanpri, li enstriksyon sa yo avèk anpil atansyon, epi ranpli chak etap kòm li mansyone nan lis la.

Tanpri konnen byen ke Konferans pou paran nou yo nan mwa fevriye a **pa obligatwa**. Sepandan si ou ta renmen planifye yon konferans epi pagen yon tan disponib pou reyinyon sa, tanpri kontakte konseye pedagojik pitit ou a pou’w planifye orè pou yon reyinyon pou nenpòt ki lè pandan ane lekòl la.

**Tanpri note byen - Pou pwofesè ki mansyone anba yo ou ka rantre nan klas yo nenpòt ki lè pou konferans yo san pran randevou atravè sistèm Pick-A-Time lan .Ou kapab wè Pwofesè sa yo nan sal de klas sa yo. (Gade anba a.)**

<b>Domèn (sijè)</b>	<b>Pwofesè</b>	<b>Nimewo Sal yo</b>
Physical Education & Health	Mr. Azzato/ Mr. Galioto/ Ms. Giaquinto/Mrs. Schwartz	Gym(Jimnazyòm)
Spanish	Ms. Montoya/Mrs. Morales	LMC
Art	Mrs. Racanelli/Mrs. Pfingst	116/109
Computer Applications	Mrs. Jackson/Ms. DeMatteo	206/205
STEM	Ms. Chung/Ms. Van Loon	208/207
Orchestra	Ms. Liu	100
General Music/Chorus	Mrs. Pomeroy	117
Band	Mr. Romano	115

Si ou pa gen aksè nan yon òdinatè pou’w pran yon randevou oswa si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte konseye pedagojik pitit ou a.

Sensèman,

Xavier M. Fitzgerald  
Direktè

## **Enstriksyon pou Pick-A-Time:**

Ale sou sit wèb lekòl la nan <http://www.woboe.org/Domain/15> epi klike sou "Parent /Teacher Conference Sign-In" sou bò gòch paj wèb la.

### **Pou Enskri (anrejistre)**

1. Antre kourye elektwonik (imel) ou epi chwazi "Login/Create Account".
2. Ranpli espas yo mande yo, epi klike ok nan "Register."
3. Lè wap antre non pitit ou a li ta dwe parèt jan li ekri sou **PowerSchool** ak etikèt adrès sa. Kòm egzanz si non konplè pitit ou a nan PowerSchool se "**Jonatan Anthony Smith**" li ta dwe antre konsa "**Jonathananthonysmith**", tankou yon sel mo.

### **Pou Siyen**

Si ou te deja anrejistre, sa sèlman ou bezwen fè se antre nan imel (kourye elektwonik) ou ak mo pas ou. Sistèm nan pral sovgade randevou a e ak timoun yo ou te ajoute nan kont ou.

### **Pou' w pran randevou**

Chak kare koulè reprezante yon tan (lè) ki disponib pou reyinyon yo. Lejand endikatè a montre ou ki pwofesè ki koresponn ak chak koulè e lè yo ap ogmante a mezi ke wap desann nan paj la. **(Note byen: Ou pa pral wè tout pwofesè pitit ou a, se jis pwofesè nan disiplin sa yo- Syans, Syans Sosyal, Matematik ak Lang e literati angle yo ki pral vizib. Klike sou yonn nan kare yo pou'w pran yon randevou.** Yo pral mande'w lè sa pou 'w "Create an Appointment" = ("Kreye yon Randevou"). Repete pwoesis sa a jiskaske ou gen yon orè (lè) ak chak pwofesè ke ou ta renmen rankontre. A nenpòt ki moman ou ka klike sou "**printable schedule**" = "enprime orè" epi enprime paj wèb la pou'w kapab genyen yon kopi orè ou yo. Si ou vle fè chanjman nan orè ou, ou ka ale nan "**log in**" = (koneksyon) a nenpòt ki lè, epi mete imel ou (kourye elektwonik) ak mo pas ou. Si ou gen plis pase yon randevou, ou pap kapab wè tout. Klike sou koulè ble ki montre lenk (lyen) pou randevou'w yo, se a gòch non ou li ye nan pati anwo ekran òdinatè a pou' w kapab wè randevou ou yo. Ap genyen sou s it wèb lyen (lenk) ki pral pèmèt ou modife orè ou, oswa anile randevou a.

**Tanpri konnen byen ke nou ap swiv yon orè nan yon tan (lè) strik. Tanpri fè tout efò ou kapab pow'w ka alè nan randevou ou yo.**